

BAB III


METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Nurutkeun Raco, (2010 kc.17) kualitatif mangrupa pendekatan atawa nyalusur pikeun maham kana hiji adegan *sentral*. *Sentral* nyaéta nu nalungtik ngawawancara peserta panalungtikan atawa *partisipan* ku cara ngajukeun hiji patalékan anu sipatna umum jeung teu jero teuing. Informasi anu ditepikeun ku *partisipan* dikumpulkeun. Informasina bisa mangrupa téks atawa kecap, tuluy dianalisis. Hasil analisisna bisa mangrupa gambaran atawa déskripsi atawa bisa ogé dina wangun téma. Tina data nu geus aya, nu nalungtik nyieun interpretasi pikeun meunang harti nu jero. Hasil tina analisis tuluy dijabarkeun maké panalungtikan para ilmuwan saméméhna. Hasil ahirna dijieun dina wangun laporan tinulis.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analitik. Métode déskriptif mangrupa métode anu ngagambarkeun kaayaan obyék nu ditalungtik. Saluyu jeung nu ditétélakeun ku Arikunto (2010, kc.3) yén kecap déskriptif asal kecapna tina basa Inggris nyaéta “*to describe*” nu hartina ngajelaskeun ngeunaan hiji hal, upamana kaayaan, kajadian, kagiatan, atawa hal séjén, anu hasilna dijelaskeun dina wangun laporan panalungtikan. Data nu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan mangrupa data nu sumberna tina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan.

Dumasar kana pamarekan jeung métodena, dina ieu panalungtikan dibutuhkeun hiji desain panalungtikan, sangkan bisa ngababarikeun panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, desain panalungtikan nu dipidangkeun di handap.



Bagan 3.1

Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Dina ieu subbab dipedar ngeunaan data jeung sumber data dina ieu panalungtikan.

3.2.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta struktur dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan. Ieu mangrupa tabél data panalungtikan nu ngawengku 10 judul sajak dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah*.

No	Judul Sajak	Kode Data
1.	“Ralat”	RL/11/001
2.	“Mung ka Anjeun”	MKA/13/002
3.	“Ngamplang Pabuburit”	NP/31/003
4.	“Hawar-hawar”	HH/34/004
5.	“Néang Raratan”	NR/45/005
6.	“Kalakay Budah”	KB/51/006
7.	“Hujan di Makam”	HM/53/007
8.	“Geus Ligar Kembang Geus Ligar”	GL/65/008
9.	“Poé Eta”	PÉ/71/009
10.	“Tanah Priangan”	TP/74/010

Keterangan;

J/H/N

J : Judul Sajak


K : Kaca

N : Nomer urutan

3.2.2 Sumber Data

Sumber data utama anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan pedalan CV. Geger Sunten Bandung. Saluyu jeung pamadegan Arikunto (2010, kc. 172) yén anu dimaksud sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék anu digunakeun pikeun nyangking data. Upama panalungtik ngagunakeun studi pustaka, anu jadi sumber datana nyaéta catetan atawa tulisan-tulisan, sedengkeun eusina mangrupa subjék panalungtikan.

1) Identitas Buku



Gambar 3.1

Judul Buku : *Kalakay Budah*

Pangarang : Yous Hamdan

Pamedal : CV Geger Sunten Bandung

Taun Medal : Citakan ka-1 Desember 1994

Kandelna : 76 Kaca

Kalakay Budah mangrupa buku kumpulan sajak karya Yous Hamdan nu munggaran medal. Ieu buku medalna taun 1994. Dina ieu buku aya 65 sajak nu unggal sajakna miboga téma nu béda-béda, salah sahijina nyaéta aya téma agama.

Dina halaman *cover* warnana coklat. Aya gambar beulahan kai nu geus teu lengkap. Tuluy aya tulisan *Kalakay Budah* nu jadi judul tina ieu buku kumpulan sajak. Dina *cover* pangluhurna aya tulisan Yous Hamdan, nu jadi pangaran tina ieu kumpulan sajak.

2) Pangarang



Gambar 3.2

Yous Hamdan téh salah sahiji pangarang di tatar Sunda. Dumasar katerangan dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah*, Yous Hamdan gumelar di Bandung ping 6 Agustus 1947. Yous Hamdan kungsi jadi guru SMP Muhammadiyah IV Sayati, Kabupaten Bandung (1970-1978) tuluy pindah ka SMP Negeri 1 Garut (1978-1981). Ti dinya anjeunna diangkat jadi staf bidang kasenian kanwil Depdikbud propinsi Jawa Barat (1981-1987). Ku sabab pangsiun Yous Hamdan diangkat deui jadi guru di SMA Margahayu tepi ka taun 2001. Sanggeus pangsiun Yous Hamdan kapilih jadi kuwu Sayati.

Ti keur SMA kénéh Yous Hamdan geus resep nulis sajak. Malah mah kungsi jadi pinunjul kahiji dina pasanggiri ngarang tingkat SLA dina raraga Masa Budaya Siliwangi nu diayakeun ku Yayasan Bakti Haruman. Tapi mimiti ngumumkeun tulisanna dina taun 70-an.

Buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* mangrupa buku kumpulan sajakna nu munggaran. Ieu buku medalna taun 1994. Salian ti kumpulan sajak, Yous Hamdan ogé kungsi nulis carpon nu kiwari geus dibukukeun. Buku kumpulan carponna nya éta *Geus surup Bulan Purnama* nu kungsi meunang hadiah Sastra Rancagé taun 2006. Sajak jeung carponna dimuat dina *Hanjung, Galura* jeung *Giwangkara*. Pikeun sajakna, Yous Hamdan kungsi meunang pangléler Hadiah Sastra Sunda Daéng Kanduruan Ardiwinata ti Paguyuban Pasundan minangka juara kahiji widang sajak dina taun 1993. Salian ti éta, Yous Hamdan ogé kungsi meunang pangléler pikeun carponna nu judulna “Simpé di Makam” ti Lembaga Basa jeung Sastra Sunda (LBSS) dina taun 1995.

3.3 Téhnik Panalungtikan

Dina ieu subbab dipedar ngeunaan téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan.

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik ulikan pustaka (studi pustaka). Téhnik studi pustaka mangrupa survéi kana data nu geus aya, neuleuman tiori-tiori anu geus aya, sarta ditalaah sacara gemet (Nazir 2014, kc.79).

- 1) Maca buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* minangka sumber data pikeun dianalisis strukturalna.
- 2) Nyatetkeun nu mana anu jadi struktur lahir jeung struktur batinna nu aya dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* kana kartu data.
- 3) Nyatetkeun analisis semiotik tina sajakna kana kartu data.
- 4) Mindahkeun data nu aya dina kartu data kana tabél data.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sakabéh data hasil panalungtikan dikumpulkeun. Satuluyna nganalisis atawa ngolah data nu nyampak dina panalungtikan ngagunakeun téhnik analisis data. Sacara umum analisis data ngawengku tilu hal, nya éta tatahar, tabulasi, jeung ngamangpaatkeun data luyu jeung pamarekan nu digunakeun (Arikunto, 2010, kc. 278). Tatahar mangrupa prosés nu mimiti dilakonan. Tabulasi nya éta prosés

ngahijikeun sakabéh data nu geus kapaluruh. Data nu geus ditabulasi tuluy diolah dumasar pamarekan panalungtikan nya éta struktural jeung semiotik.

1) Téhnik Analisis Struktural

Dina nganalisis data, kagiatan nu munggaran nyaéta nganalisis struktur buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan ngagunakeun tiori struktural I.A. Ricard jeung Alton C. Morris. Anapon nu dianalisisna nyaéta:

- (1) Diksi dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan.
- (2) Imaji dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan.
- (3) Basa Figuratif (majas) dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan.
- (4) Kecap Kongkrét dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan.
- (5) Purwakanti dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan.
- (6) Téma dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan.
- (7) Rasa dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan.
- (8) Nada dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan jeung,
- (9) Amanat dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan.

2) Téhnik Analisis Semiotik

Aya sababaraha hal anu dianalisis patali jeung kajian semiotik dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan nyaéta:

- (1) Pembacaan heuristik jeung hermeunetik;
- (2) Matriks, model, varian, jeung;
- (3) Hipogram.

3.4 Instrumen Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta anu hiji alat anu digunakeun dina panalungtikan ngaliwatan hiji métode (Arikunto, 2011 kc.192). Luyu jeung pamadegan Sugiyono (2019, kc.283) yén Instrumén panalungtikan mangrupa alat pikeun ngumpulkeun data.

3.4.1 Instrumén Panalungtikan dina Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik ulikan pustaka (studi pustaka). Téhnik studi pustaka mangrupa survéi kana

data nu geus aya, neuleuman tiori-tiori anu geus aya sarta ditalaah sacara gemet (Nazir, 2014, kc. 79). Saluyu jeung pamadegan Arikunto (2010, kc. 85) yén téhnik ulikan pustaka dilaksanakeun ku cara nalaah buku sumber nu geus aya pakuat-pakaitna jeung konsép tioritis sarta bahasan pasualan panalungtikan. Téhnik studi pustaka digunakeun pikeun ngumpulkeun data struktural jeung semiotik dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* karya Yous Hamdan. Léngkah-léngkah ngumpulkeun data anu baris dilaksanakeun nyaéta saperti ieu di handap.

1) Tabel ulikan pustaka

Tabel 3.1

Ulikan Pustaka

No.	Judul Buku	Keterangan

2) Kartu data struktural

Tabel 3.2

Kartu Data Struktur Lahir Sajak

Kode Sajak:			
No	Data	Ungkara	Déskripsi
1.	Diksi		
2.	Imaji		
3.	Majas		
4.	Kecap Kongkrét		
5.	Purwakanti		

Tabel 3.3
Kartu Data Struktur Batin Sajak

Kode Sajak:			
No	Data	Ungkara	Déskripsi
1.	Téma		
2.	Nada		
3.	Rasa		
4.	Amanat		

3) Kartu Data Semiotik

Tabel 4
Kartu Data Semiotik Sajak

Kode Sajak:			
No	Data	Ungkara	Déskripsi
1.	Pembacaan Heuristik		
	Pembasaan Hermeneutik		
2.	Matriks		
	Model		
	Varian		
3.	Hipogram		

Keterangan kartu data:

(a) Kode data sumber cutatan dina ieu kartu data nyaéta:

(NN/3/2/1) nuduhkeun sajak dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* dina kaca tilu, pada kadua, padalisan kahiji.

3.4.2 Instrumén Panalungtikan dina Ngolah Data

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina téhnik ngolah data nyaéta kartu data. Dina unggal pada dina buku kumpulan sajak *Kalakay Budah* anu ngandung struktural jeung semiotikna disalin kana kartu data, diébréhkeun kode sumber data

jeung data déskripsi tina data nu kapanggih. Kartu data dina ieu panalungtikan bisa katitén ieu di handap.

1) Conto kartu analisis struktur lahir sajak

Conto imaji: RL/11/001

*Manéhna neuteup bulan
Kari sapasi*

Déskripsi:

Imaji nu kapanggih dina sajak “Bulan Sapasi” nyaéta imaji visual

2) Conto kartu analisis struktur batin sajak

Conto imaji: NR/45/005

*Tong nyarita bongan saha. Da teu ménta
Nu pasti ayeuna geus aya
Jeung jaga di mana geus taya
Kapanggih yén enya kuring téh
Kungsi aya*

Déskripsi:

Amanat nu ditepikeun dina ieu sajak nyaéta urang ulah sok sagala nyarita ka batur, ku sabab batur téh can tangtu paduli kana masalah urang

3) Conto kartu analisis semiotik sajak

Conto Hipogram: TP/74/010

*Tiris nu ngaléndotan tonggong
Séah angin
Beungeut situ ririakan
Lémbok
Pucuk entéh
Daun-daun pinus
Diri nyangsaya dina rangkulan
Tingtrim*

Déskripsi:

Hipogram anu kapanggih dina ieu sajak nyaéta patempatan perenahna Situ Patenggang